# 1-РА ЛЕКЦИ. ДЕШНИЙН ЦХЬАЬНАКХЕТАРШ. ПРЕДЛОЖЕНИЦА ГРАММАТИЧЕСКИ УЬЙР ЙОЦУ ДЕШНАШ

**План**

1. СИНТАКСИС
1.1. Синтаксисан йукъара башхалла
1.2. Нохчийн меттан синтаксисан талларан истори
2. ДЕШНИЙН ЦХЬАЬНАКХЕТАРШ. КАРАРА УЬЙР
2.1. Бартбаран
2.2. Урхаллин
2.3. ТӀетовжаран

**Пайдаэца коьрта литература**


1. Халидов А.И., Эдилов С.Э. ХӀинцалера нохчийн мотт. Синтаксис: Дешнийн цхьаьнакхетар, цхьалхе предложени. Соьлжа-ГӀала, 2023. – 320 с.
2. Навразова Х.Б. Чеченский язык: Описательный и сравнительно-типологический анализ простого предложения. Назрань, 2013. – 306 с.
3. Халидов А.И. Типологический синтаксис чеченского простого предложения. Нальчик, 2004. – 273 с.
4. Джамалханов З.Д., Мачигов М.Ю. Нохчийн мотт. II дакъа. Синтаксис. Грозный, 1985 – 126 с.
5. Халидов А.И. Нохчийн меттаӀилманан терминийн лугӀат. Соьлжа-ГӀала, 2012. – 448 с.


**Лекцехь духьалкхета коьрта терминаш**: *синтаксис, карара уьйр, цхьаьнакхетаран уьйр, бартбар, урхалла, тӀетовжар,*

## 1. Синтаксис

### 1.1. Синтаксисан йукъара башхалла

Синтаксис – иза грамматика олучу меттаӀилманан дакъа ду. Цо Ӏамадо дешнаш цхьаьнакхетаршкахь а, предложенешкахь цхьана муха кхета. Синтаксис грамматики вуно ладаме дакъа ду, хӀунда аьлча синтаксисо гӀо до шена къаьстт анчу дешнех фразанаш а, тексташ а муха хуьлу. Синтаксис ца хиъча, хала хир ду нийса предложени дӀахӀотто а, нийса къамел дан а.

Муьлххачу а меттан грамматика талларехь а, хьехарехь а синтаксисо коьрта меттиг дӀалоцуш хилар Ӏилманехь билгалдаьлла дукха хан йу. Цуьнан бахьана ду, вай дечу къамелехь шена чохь хаам болуш, вайга ойла дешнашка йерзайойтуш болу предложени

кхуллуш коьрта гIирсаш а, предложенийн меженийн а, предложенийн шайн а йукъаметтигаш а, церан уьйраш а синтаксисехь толлуш хилар.

## 1.2. Нохчийн меттан синтаксисан таллаеран истори

Нохчийн синтаксис таллареxь хьалхара гIулчаш йаьхнарш дуьненна а бевзаш болу, Кавказан меттанаш а, Кавказан къаьмнийн истори а, церан гIиллакхаш а, ламасташ а таллареxь баккхий кхиамаш баьхна болу махкал арахьара а, махкара а Iилманчаш бу, шо шаре мел долу шайн мехалла совдолуш болу белхаш йазбина болу: къаьсттина билгалбаха беза кхузахь П.К. Усларан «Чеченский язык», А.А. Шифнеран «Über die Tusch-Sprache» а, кхин масех болх а. Дерриге а синтаксисехь хIитто догIучу хаттаршна жоп луш а, массо а агIонгахьара нохчийн синтаксис толлуш а и белхаш хуьлийла а дацара, дуьххьарчех белхаш уьш хилла хиларна а, уьш кхуллучу хенахь йа кавказхойн меттанаш а, йа кхидолу меттанаш а таллареxь зеделларг таханлерчу хьоле хьаьжча дукха ца хиларна а.

Хууш ма-хиллара, леррина нохчийн синтаксис толлуш йазбина болу дуьххьара болх бу 1940-чу шарахь профессора Н.Ф. Яковлевс арахецнарг.

Цо йазйинчу нохчийн меттан синтаксисан коьрта кхачамбацар, дукха а болчу Iилманчийн кхетамехь, иза индоевропейски меттанийн «бустамашна» тIехь йина хилар ду: оьрсийн, кхидолчу къаьмнийн меттанашкахь дерриг нохчийн маттахь а хила дезаран шеко йоцуш хиллачух тера ду Iилманча. Къаьсттина хаало иза Н.Ф. Яковлевс чолхе предложени йуьйцучохь – оьрсийн маттахь долу чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенийн, тIетухучу предложенийн тайпанаш дерриг а нохчийн маттахь билгалдаха гIертарехь. Делахь а, оцу воккхачу Iилманчас бинарг мехала а, нохчийн меттаIилманан синтаксисан дакъа кхиарехь цуьнан бух лара мегар долуш а болх бу, цкъачунна цул а гIолехь берг вай кечбина ца хилар тидаме эцча-м хьала а, охьа а.

1940-1950-чу шерашкахь арабовлу вевзаш волчу гуьржийн меттаIилманчин Д.С. Имнайшвилин «нахски» меттанийн синтаксисах болу масех болх. Оцу белхашна тIехь мелла а Н.Ф. Яковлевн «Синтаксисан» чолхе-карарчу предложенех болчу кхетамах йолу шен шеко гойту Д.С. Имнайшвилис, амма, шаьш белхаш (журналан статьяш) кегий хиларна а, гипотаксисах дерг кавказхойн меттанашкахь кIорггера оцу муьрехь теллина ца хиларна а, кхачам боллуш «переводной синтаксисах» дIакъастарна тIе ца валавора Д.С. Имнайшвилис, и дан дезаш хиларх ойла кхоллайалийтинехь а

1963-чу шарахь Къилбаседа-Кавказан меттаIилмачийн йоккхачу кхеташонехь А.С. Чикобавас а кавказхойн меттанаш толлуш болчу Iилчанчаша дохуш долчу гIалатех коьртаниг дина билгалдаьккхира, церан синтаксис, кхечу меттанийн, коьртачу декъана оьрсийн меттан, бух тIехь кхоьллина хиларал совнаха, оьрсийн маттахь мел йолу

категори, мел долу предложенийн тайпанаш кавказхойн меттанашкахь а цара лехар, церан синтаксис оьрсийн маттах йолчу теорина буха кавказхойн меттанийн масалш а хIиттош йазъеш хилар. Ткъа цунах, А.С. Чикобавас ма-аллара, «переводной синтаксис хуьлу».

Нохчийн меттан а, нахски меттанийн а (нохчийн, гIалгIайн, бацойн) синтаксис таллрехь Iаламат доккха дакъа лаьцна Ю.Д. Дешериевс. Цуьнан йукъа итт шо бен ца дулуш арахецначу коьртачу шина балха тIехь цу заманахь Iилманехь баьхначу кхиамашка хьаьжжана кIорггера теллина нохчийн, бацойн меттанийн дешнийн цхьаьнакхетарш а, цхьалхе а, чолхе а предложениш а. Коьртачу декъана цу хенахь Iилманчаша йийцаре йийриг эргативан (дийриг дожаран) конструкци хиларе терра, Ю.Д. Дешериевс а къаьсттина боккха тидам тIебохуьйту эргативан конструкцина а, цуьнца доьзна долчу предложени кхечуьнга йолуш а, ца йолуш а хиларан хаттаршна а.

Къаьсттина мехала ду Ю.Д. Дешериевс Н.Ф. Яковлевн «гочйинчу синтаксисана» («переводной синтаксисана») тIера нохчийн а, кхидолу кавказхойн а меттанийн синтаксис дIайаккхарна тIехь лаьцна долу дакъа. Дуккха а долчунна тIехь Н.Ф. Яковлевс нохчийн синтаксисах йаздинарг нохчийн маттаца догIуш ца хилар уггар хьалха гайтинарг Ю.Д. Дешериев ву.

Иза иштта хилар а гойтуш, шена гучу агIор Н.Ф. Яковлевс довлийтина гIалаташ нис а деш кечбина болх бара Я.У Эсхаджиевс I970-чу шарахь арахецнарг.

Иза Я.У. Эсхаджиевс йазбинчу Iилманийн кандидатан диссертацин бух тIехь кечбина болх бара. Н.Ф. Яковлевн «гочйинчу синтаксисах» лаьцна хьалха Д.С. Имнайшвилис, тIаккха А.С. Чикобавас а, Ю.Д. Дешериевс а (бацойн маттах болчу шен балха тIехь Ю.Д. Дешериевс нохчийн а, кхидолчу кавказхойн меттанийн а синтаксисах лаьцна белхаш йазбинчу Iилманчийн коьрта кхачамбацар иштта билгалдоккхура: «подгоняют сложноподчиненное предложение в кавказских языках под мерку индоевропейских языков, в частности под мерку сложноподчиненного предложения в русском языке») йаздинарг тидаме а эцна, Я.У Эсхаджиевс, чолхе-карарчу предложенех олуш дерг нохчийн маттаца догIуш хилийта, иза нохчийн маттахь йолчу кепашца а, церан вовшашца хуьлучу уьйрашца а нисдаран Iалашо хIоттийнера шена хьалха. Коьртачу декъана оцу Iалашоне кхача а велира иза.

Нохчийн, гIалгIайн меттанийн синтаксис таллрехь цул тIаьхьа болх биначу Iилманчашна йукъахь къасто хьакъ болуш берш бу: М.И. Чапанов (коьртачу декъана эргативан конструкци теллина волу), И.А. Оздоев (шина а меттан, амма коьртачу декъана – гIалгIайн меттан цхьалхе а, чолхе а предложениш теллина), Л.Д. Мальсагова (чолхечу предложенийн, къаьсттина чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенийн хьокъехь бу дукхахболу белхаш, оьрсийн меттан предложенишца дустарш а деш), Р.Х. Мамаева (дешнийн

цхьаьнакхетарех лаьцна болу дуккха а белхаш – статьяш – арахецна йолу), Т.И. Дешериева (эргативан конструкцих а, кхачамаша дечу гIуллакхех а, дожарийн кепаша дечу синтаксически гIуллакхех а лаьцна дуккха белхашна тIехь, царна йукъахь баккхийра белхаш – монографиш а йолуш, шена хетарг хаийтина йолу). ТIаьххьарчу хенахь нохчийн синтаксис «типологически» агIонгахьара толлуш кхиамашца болх беш ву А.И. Халидов. Дуккха а долчунна тIехь цуьнан белхашна тIе а тевжаш, нохчийн синтаксис талларехь къахьоьгуш йу Х.Б. Навразова а.

## 2. Дешнийн цхьаьнакхетарш. Карара уьйр

*Дешнийн цхьаьнакхетар* ала догIу шина дашах, йа кхин сов дешнех лаьттачу, вовшашца маьIнин а, грамматикин а уьйр а йолуш, шайн маьIница гойтург хаам, ойла йоцуш, цхьана хIуманан, хиламан, даран *цIе йоккхуш* долчу дешнийн цхьааллах. Даран, хIуманан, хиламан цIе йаьккхина ца Iаш, цуьнан цхьа билгало а гойту дешнийн цхьаьнакхетарша, цундела царах «чолхе кхетам» ала мегар ду*: расха говр, говза пхьар, ламазан хан, селханлера де, аннийн керт, уьйтIара цIа, чIогIа вистхила, керт йан, гу тIехь цIенош, цхьа дош, йалхийтталгIа июнь*. Дешнийн цхьаьнакхетарш, шайн къаьстина йолчу билгалонашка хьаьжжана, тайпанашка доькъу. Коьртачу даше хьаьжжана уьш хуьлу, масала, **цIердешнийн** (*расха* ***говр****, говза* ***пхьар****, ламазан* ***хан****, селханлера* ***де****, аннийн* ***керт****, уьйтIара* ***цIа,*** *йалхийтталгIа* ***апрель***), **терахьдешнийн** (*шиннах* ***цхьаъ****, царах* ***цхьаъ****,* ***цхьаъ*** *ах,* ***диъ*** *пхеаннах, гергарчех* ***цхьаъ***), **куцдешнийн** (*вуно* ***дика****, Iаламат* ***хаза***), **хандешнийн** (*чIогIа* ***вистхила****, керт* ***дIахIотто,*** *гIуллакх* ***дадалан***), и. дI. кх. а. Дешнийн цхьаьнакхетар лаххара а шина дашах лаьтташ хуьлу. Дешнийн цхьаьнакхетарш предложенийн дакъош ду, церан хIоттамехь схьакъастош долу. Амма и бохург дац, предложени даим а дешнийн цхьаьнакхетарех хотталуш йу бохург. Масала, лакхахь аьлла ма-хиллара, предложени цхьана дашах лаьтташ хила а тарло.

Цул совнаха, дешнийн цхьаьнакхетарийн, предложенийн дакъойн уьйраш тайп-тайпана йу. Дешнийн цхьаьнакхетаршкахь церан дакъошна – дешнашна йукъахь йолу уьйр кхаа тайпана хуьлу: *бартбар* (оьрсийн маттахь *согласование*)*, урхалла дар* (*управление*)*, тIетовжар* (*примыкание*).

Предложенин коьртачу меженийн вовшашца йолу уьйр дешнийн цхьаьнакхетарийн уьйраш а лоруш, подлежащи а, сказуеми а вовшахкхетарх дешнийн цхьаьнакхетар алар нийса дац. Масала, З.Д. Джамалхановссий, М.Ю. Мачиговссий шайн учебника тIехь *Селхана жима Макка школе деша йахара* предложени а йалайой, иза хIокху дешнийн цхьаьнакхетаршка йоькъу: *1) Макка йахара; 2) школе йахара; 3) селхана йахара; 4) деша йахара; 5) жима Макка*. Кхузахь йукъарчу меттаIилманехь йуьйцуш йолу дешнийн

цхьаьнакхетарийн билгалонех лаххара шиъ йац I-чу «цхьаьнакхетаран». Цхьаъ делахь, цо гойтург цхьана хIуманан, хиламан, даран цIе йац, цхьаъ «бекъалуш болу» кхетам бац, буьззана хаам бу, цу бахьанина *Макка йахара* предложени ларало. ШолгIа делахь, и ши дош вовшашца йолчу уьйраца цхьаъ вукхунах дозуш дац, кхузахь йолу уьйр йа кхоччуш бартбар а, йа урхалла дар а, йа тIетовжар а ца хуьлу. Классехь бартбар, ма-хаъара, цхьа наггахь бен хуьлуш дац, ткъа кхечу агIор дешнийн – предложенин меженийн вовшех йозуш хиларан билгалонаш кхузахь йац. Подлежащи а, сказуеми а ший а коьрта меже йу, уьш вовшех йозуш йу бахар нийса дац. Цу тIе доьгIча, оцу тайпана долу дешнийн вовшашца уьйр лацар дешнийн цхьаьнакхетар лара ца догIу, уьш предложениш йу. Хандош йукъахь долуш дешнийн цхьаьнакхетарш хила тарло тIаккха, нагахь санна цуьнца догIуш долу дош хандашца предикативни уьйр йолуш дацахь; вуьшта аьлча, хандашо сказуемин гIуллакх кхочушдеш а долуш, цуьнца уьйр йолу дош подлежащин гIуллакххехь лелаш хилча, царах дешнийн цхьаьнакхетар ца хуьлу.

Дешнийн цхьаьнакхетарш а, предложениш а вовшех къасторехь мелла а дакъа лоцу дешнийн (предложенин меженийн йа дешнийн цхьаьнакхетарийн дакъойн) къепо – вовшашна тIаьхьа-хьалха хиларца церан нисдаларо. Нохчийн мотт а, кхидолу кавказхойн меттанаш а теллинчара дешнийн къеп (словопорядок) грамматически агIонгахьара кхин башха маьIне ца лорарх, иза иштта дац. Уггар хьалха иза гучудолу предложени а, дешнийн цхьаьнакхетар а къасторехь дешнийн къеп коьртачех билгало хиларо. Дешнийн къеп хийцаро дешнийн цхьаькхетар предложенига дерзо а тарло. Масала, *вогIу кIант* – дешнийн цхьаьнакхетар ду, ткъа хандош цIердашна тIехьа хIоттийча цунах предложени хуьлу: *КIант вогIу*. Оцу тайпана хийцам хуьлу, дешнаш цхьаьнакхетарехь сов хилча а: *йуьртара вогIу кIант* (дешнийн цхьаьнакхетар), *КIант йуьртара вогIу* (предложени); *селхана эцна совгIат* (дешнийн цхьаьнакхетар), *СовгIат селхана эцна* (предложени).

**Карара уьйр** дешнийн цхьаьнакхетарийн хIоттамехь дешнийн а цхьаъ вукхунах дозуш хиларан маьIница йа кепаца а цхьаьна билгало йолчу уьйран тайпа ду. Дешнийн цхьаьнакхетаршкахь уьйр карара бен хуьлуш йац; цуьнан тайпанаш хIорш ду: *бартбар, урхалла, тIетовжар*. Карарчу уьйраца вовшахтасаделлачу дешнех цхьаъ вукхунах дозуш хуьлу.

**Дозуш долу дош** олу дешнийн цхьаьнакхетаршкахь кхечу дашах маьIница, йа кепаца а дозуш долчу дашах. Масала: ***дашуо***$^{н}$ *сахьт* ( муха *сахьт*? ***дашуо***$^{н}$**)**, ***деши***$^{н}$ стенах дина *сахьт*? ***деши***$^{н}$**)**, ***де***$^{н}$ *гIовтал* (хьенан *гIовтал?* ***де***$^{н}$**)**, ***лома*** *ваха* (*ваха* стенга? *лома*).

**Дозуш доцу дош** ду йа маьIница а, йа кепаца ша кхечух дозуш а доцуш, ткъа шех дозуш кхин дош (йа дешнаш) дерг. Масала: *дашуо*$^{н}$ ***сахьт***, *де*$^{н}$ ***гIовтал***, *лома* ***ваха***. Кхечу кепара цунах **коьрта дош** ала а тарло.

Далийнчу масалша ма-гайттара, карара уьйр маьIница а, кепаца а цхьатерра йац. Карарчу уьйрехь долчу дешнийн вовшашца йолу уьйраш маьIница а, кепашца а хуьлу.

Цуьнга хьаьжжана карарчу уьйран кхо тайпа билгалдоккху: *бартбар, урхалла дар, тIетовжар*.

Дешнийн цхьаьнакхетарш шина дашах лаьтташ хилча, царах цхьаъ коьрта хуьлу (маьIница а, кепаца а шолгIаниг шех дозуш долуш). Оцу коьртачу дешан къамелан дакъа билгалдаккхарца дешнийн цхьаьнакхетарш масийтта тайпане доькъу:

1) **цIердешнийн** – коьрта дош цIердош долуш; дозуш дерг дукха хьолахь билгалдош хуьлу (*расха* ***говр****, говза* ***пхьар****, ламазан* ***хан****, селханлера* ***де****, аннийн* ***керт****, уьйтIара* ***цIа****, йалхийтталгIа* ***апрель***), амма дозуш хила тарло цIердош а (*вешин* ***книга****, Iусманан* ***Мохьмад****, аьнгалин* ***пхьегIа***), цIерметдош а (*сан* ***книга****, церан* ***амалш****, тхан* ***доьзал****, хьан* ***бедарш***), терахьдош а (*ши* ***стаг****, йалх* ***гIант****, кхойтта* ***туьма***);

2) **терахьдешнийн** (*шиннах цхьаъ, цхьаъ ах, диъ пхеаннах*); оцу кепара дешнийн цхьаьнакхетарш хуьлу шиъ йа кхин сов терахьдош вовшахкхетарца. Вайн грамматикашкахь уьш дакъойн терахьдешнаш лору, амма «дош» бохург кхузахь нийса хуьлийла дац, хIунда аьлча, дешнийн цхьаьнакхетарийн билгалонаш кхузахь гуш йолу дела: *шиннах цхьаъ йа цхьаъ шинах* дешнийн цхьаьнакхетар ца лорийла дац, кхузахь дош шиъ хиларна а, царна йукъахь карара грамматически уьйр хиларна а;

3) **куцдешнийн** (*вуно* ***дика****, Iаламат* ***хаза***),

4) **билгалдешнийн** цхьаьнакхетаршкахь коьрта дош билгалдош хуьлу, дозуш дерг – куцдош; *вуно* ***дика*** (гIуллакх ду иза), *Iаламат* ***хаза*** (йоI йу иза), *къаьсттина* ***хаза*** (йоI йу иза);

5) **хандешнийн** цхьаьнакхетаршкахь коьрта хандош ду, цунах дозуш дерг цIердош а, куцдош а хуьлу: *чIогIа* ***вистхила****, керт* ***дIахIотто****, гIуллакх* ***дадалан***, и. д. I. кх. а.

## 2.1. Бартбар

**Бартбар** – дешнийн цхьаьнакхетаршкахь коьртачу (кхечо билгалдеш долчу) дешан йолчех террачу кепашка (классе, терахье, дожаре) цунах дозуш долу дош а хIоттор. Дукххахьолахь *бартбар* нисло цIердешнаш – билгалдешнаш, цIердешнаш – хандешнийн кепаш йукъадогIучу дешнийн цхьаьнакхетаршкахь: цIердешнийн дожаршка, терахьашка, классашка хьаьжжана оццу дожаршкахь, классашкахь, терахьашкахь хIиттадо билгалдешнаш а (йа церан кепехь долу кхин дешнаш – причастеш, рогIаллин терахьдешнаш, цхьадолу цIерметдешнаш, масала),. Масала: *доккха дитт – даккхий дитташ; даккхийчу диттийн*; *вогIу кIант – вогIучу кIентан – богIу кIентий;* и. дI. кх. а.

Кхин а билгалдаккха дезаш ду, цхьана агIор, нохчийн маттахь билгалдешнийн а, кепехь а, маьIнехь а цаьрца догIучу кхечу дешнийн а цIердешнашца бартбар дуьззана хуьлуш цахилар (масала, дерриге а лач дожаршкахь лаамазчу билгалдешнийн, причастийн, чаккхенашца царах тера долчу кхечу дешнийн лач дожарийн цхьаъ йукъара кеп йу, чаккхе –**чу** а йолуш, йукъаметтигаллин тIехь –н долчу билгалдешнийн бартбар дан а дац: *аннийн керт – аннийн кертан – аннийн кертана; аннийн керташ – аннийн кертийн…*), вукху агIор, классехь бартбар дукха хьолахь гуш ца хуьлу, хIунда аьлча, классийн гайтамаш шайна чубогIуш дукха дешнаш доцу дела; оцу тайпанарчу дешнаша классехь барт бо ала йиш йац: *дика кIант – дика йоI*; *лаьтта – зуда лаьтта; лекха стаг – лекха зуда*; *лаьтта кIант – лаьтта йоI*).

Вайн грамматикашкахь бартбарна йукъайалайо подлежащиний, хандешан сказуеминий йукъахь йолу уьйр а, масала: *кIант вогIу – кIентий богIу; йоI йогIу – мехкарий богIу*. Амма оцу тайпанчу дешнийн вовшахкхетарех, лакхахь ма-аллара, дешнийн цхьаьнакхетарш алар йукъарчу меттаIилманца догIуш дац, кхузахь йерш предложенеш йу.

## 2.2. Урхалла

**Урхалла** – дешнийн цхьаьнакхетаршкахь дешнашна (дешнийн кепашна) йукъахь йолчу уьйран кхаа тайпанах цхьаъ йу. Нохчийн маттахь урхаллин ший а тайпа лела, церан вайн грамматикашкахь тиллина цIерш (терминаш) ца хиларна, вай йукъайалош хIара цIерш йолу: I) *кхоччуш урхалла* (сильное управление) – шен маьIница хандашо шена тIаьхьа цIерниг дожарехь лаьтташ болу нийса кхачам лоьхуш хилар (*Ас книга оьцу*: *оьцу* хIун? *книга*): 2) *кхачамза урхалла* (слабое управление) – шен маьIница хандашо шена тIаьхьа лач дожарехь цIердош лоьхуш хилар. И муьлхха а лач дожар хила тарло, цIердашца тайп-тайпана дештIаьхьенаш йолуш а (*кинишка Вахин йу; Вахигахь йу // кинишка стоьл тIехь йу; стоьла кIелахь йу; стоьла бухахь йу*).

## 2.3. ТIетовжар

**ТIетовжар** дозуш долчу а, коьртачу а дешнийн вовшашца кепашкахь билгалйаьлла а йоцуш, маьIница нислуш йолчу уьйрах олу. Оцу тайпана уьйр хуьлу: 1) хандашца иза билгалдеш долу куцдош цхьаьнакхетарехь (*дика ала; хаза дийца; чехка вада; меллаша тIеван; вехха латта*), цу йукъа муьлхха а куцдешнаш а догIуш, терахьдешнех кхолладелларш цхьаьна (*шозза тоха; кхузза кхайкха*); 2) оццу гIуллакхехь (латтаман маьIнехь) йолу деепричасти хандашца цхьаьнакхетарехь *(кхиссалуш тIеван; сагатлуш лела; ларлуш лела, кхоьтуьйтуш ала, хозуьйтуш ала, кхоччуш талла*); 3) билгалдашца иза кхетош долу куцдош цхьаьнакхетарехь (*чIогIа хаза, Iаламат дика, къаьсттина дика*), хандашна тIе Iалашо гойту хандешан билгалза кеп (инфинитив кхеташ хиллачу дешнийн

цхьаьнакхетарехь (*деша ваха, талла ваха, вала вожа*); 4) деепричасти йа причасти кхетош цаьрца куцдош цхьаьнакхетарехь (*талла воьдуш; леррина хьоьжуш; чIогIа лазийна* кIант; *дика дакъийна* жижиг). Iилманехь къастоза йу йукъаметтигаллин, доладерзоран билгалдешнаш а, цара кхетош долу цIердешнаш а вовшахкхетарца хиллачу дешнийн цхьаьнакхетаршкахь царна йукъахь йолу *уьйр. Дечиган маьнга, болатан тур, йуьртара хьаша, вешин бедарш* бохучу дешнийн цхьаьнакхетаршна йукъадогIу билгалдешнаш, шаьш кхетош долу цIердешнаш мел хийцадаларх, шаьш хийцалуш дац: *дечиган маьнга – дечиган маьнганан – дечиган маьнгана – дечиган маьнгано – дечиган маьнгица – дечиган маьнганах – дечиган маьнгане – дечиган маьнганал; дечиган маьнганаш*. Ткъа оцу кепара йолу уьйр, йукъарчу меттаIилмано хьехарехь, тIетовжаран билгало йолуш йу: «**Примыкание** *англ*. parataxix, фр. parataxe, нем. Parataxe, Beiordnung, Nebenordnung. Вид синтаксической связи, при которой зависимость одного элемента (члена) от другого выражается только позиционно, т.е. без применения служебных слов или морфологического изменения». Нохчийн грамматикашкахь хIинццалц оцу тайпана хаттар хIоттийна а дац. З.Д. Джамалхановс а, М.Ю. Мачиговс а йуьйцучу кепара йолчу уьйрах урхалла олу. Масала, *ЧIуг **ножан** хари чу йиллира цо* предложени дешнийн цхьаьнакхетаршка йоькъуш схьакъастош долу *ножан хари* урхаллина тIедаьхьна. Нагахь кхузахь урхалла хилча, *хари* бохучу цIердешан маьIнех а, кепах а йозуш хила йеза йукъаметтигаллин билгалдешан кеп (доланиг дожар). Иза чIагIдан гIерта З.Д. Джамалханов а, М.Ю. Мачигов а: «…***хара*** бохучу цIердашо урхалла до *наж* бохучу цIердашна, иза доланиг дожаре хIотторца (стенан хари чу? ножан хари *чу*? стенан хара? *ножан хара*)». «Урхалла до алар бен», и урхалла муха кхочушхуьлу, цIердешан агIонгахьара гуш цу урхаллин хIун билгало йу ца гойту. Оццу кепара къастаза ду хийцалучу хандашца хандешан билгалзачу кепан (инфинитиван) уьйрах дерг а. *Диеша ваха, ала воллу, кхача деза, йаго йеза* тайпанарчу дешнийн цхьаьнакхетаршкахь инфинитиван хандашца йолчу уьйрах урхалла алар а нийса хуьлийла дац, кепаца и къаьстина цахиларна. Нийса оцу кепарчу уьйрах *тIетовжар* аьлча хир ду.